# TIL - MILLETTIŃ AYNASI

**Karamatdinova Aysulıw**
*NMPI qaraqalpaq tili hám ádebiyatı tálim bağdarı 2-kurs talabası*

Til - hár bir xalıqtıń ruwxıy baylıǵı, qádiriyatlar negizi hám tiykarǵı qarım - qatnas quralı esaplanadı. Sonlıqtanda ázel - ázelden xalqımızda «Til - millettiń aynası», «Til jasasa, millet jasaydı», «Tilge itibar-elge itibar» degen tereń mánili sózler biykarǵa aytılmaǵan.

Neshe ásirlerden berli ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırgan ana tilimiz xalqımızdıń ózligin kórsetiwde, elimizdiń jámiyetlik - siyasiy, ruwxıy - aǵartıwshılıq rawajlanıwında áhmiyetli orın iyelep kiyatırǵan biybaha baylıq, sonday-aq, elimizdiń tariyxın, milliy qádiriyatlarımızdı, úrp - ádet dástúrlerimizdi ózinde jámlegen ǵáziynemiz bolıp esaplanadı. Álbette, milliy mádeniyatımız hám mánawayatımızdıń rawajlanıwında, onıń joqarı dárejege erisiwinde ana tilimizdiń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Sol sebepli, sońǵı jılları elimizde ana tilimizdi saqlawǵa, onı bunnan bılay da bayıtıwǵa mámleketlik siyasat dárejesinde itibar qaratılıp, bul baǵdarda iygilikli isler ámelge asırılmaqta.

Bunıń ayqın mısalı retinde, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janında Mámleketlik tildi rawajlandırıw departamentiniń shólkemlestirilgeni, qaraqalpaq tilindegi jańa sózliklerdiń, sabaqlıqlar menen qollanbalardıń, kórkem - ádebiy kitaplardıń, monografiyalardıń baspadan shıǵarılıp atırǵanı, ana tilimizdi rawajlandırıwǵa baǵıshlangan ilimiy konferenciyalar menen basqada ilajlardıń shólkemlestirilip atırǵanın atap ótiwimizge boladı. Sonday - aq, ana tilimizdiń tazalıǵın saqlawda áhmiyetli orın tutatuǵın latın imlasındaǵı «Qaraqalaq tiliniń orfografiyalıq sózligi» niń basıp shıǵarılıp, bilimlendiriw mákemeleri ushın qaraqalpaq tilindegi kórkem ádebiyatlardıń jetkerip beriliwi - bulardıń barlıǵı ana tilimizge degen joqarı itibar hám ǵamxorlıqtıń ayqın kórinisi bolıp tabıladı.

Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, usı jıldıń 16 - iyul sánesinde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumı tárepinen «Qaraqalpaq tilin bunnan bılay da rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında» ǵı arnawlı qararı qabıl etildi. Usı qarar tiykarında 2021 – 2030 - jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw jáne til siyasatın jetilistiriw koncepciyası,usı koncepciyanı 2021 - 2023 - jıllarda ámelge asırıw baǵdarlaması, latın jazıwına tiykarlanǵan qaraqalpaq álipbesine basqıshpa - basqısh tolıq

ótiwdi támiyinlew boyınsha «Jol kartası» tastıyıqlandı jáne orınlanıwı qadaǵalawǵa alındı.

Sonday-aq, Ministrler Keńesi janında qaraqalpaq tilin rawajlandırıw qorın shólkemlestiriw, bilimlendiriw mákemelerinde ana tilimizdi oqıtıw sistemasın bunnan bılayda jetilistiriw, qaraqalpaq tiliniń zamanagóy málimleme - texnologiyaları kommunikaciyaların hám belsene integraciyalanıwın támiyinlew, ana tilimizdiń xalıqaralıq kólemdegi ornı hám abırayın arttırıw, bul baǵdarda sırt eller menen birge islesiwdi rawajlandırıw, tildiń azadalıǵın saqlaw, onı bayıtıp barıw jáne xalıqtıń sóylew mádeniyatın arttırıw sıyaqlı bir qatar wazıypalar belgilep alındı.

Álbette, bul baǵdarda ámelge asırılıp atırǵan jumıslar ana tilimizdi bunnan bılay da rawajlandırıwda, onıń abırayın ele de arttırıwda, jas áwladtı Watandı súyiwshilik, milliy qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawda áhmiyetli orın iyeleydi. Házirgi globallasıw hám málimleme dáwirinde ana tilimizdi qásterlep saqlaw hám onı keleshek áwladqa sap halında jetkeriw-bárshemizdiń eń ádiwli parızımız bolıp tabıladı.